Civil Services (Main)
Examination- 2025

SLPM-U-MTLI

मैथिली / MAITHILI

प्रश्न-पत्र I / Paper I

(साहित्य) / (LITERATURE)

निर्धारित समय : **तीन** घंटे *Time Allowed : **Three** Hours*	अधिकतम अंक : **250** *Maximum Marks : **250***

प्रश्न-पत्र विषयक विशेष निर्देश

प्रश्नक उत्तर लिखबाक पूर्व कृपया निम्नलिखित निर्देशकेँ सावधानीपूर्वक पढ़ि लियऽ

*एतय **दू खण्ड (SECTION)** मे विभक्त कुल **आठ** प्रश्न अछि।*

*अभ्यर्थी कुल **पाँच** प्रश्नक उत्तर देथि।*

*प्रश्न संख्या **1** तथा **5** अनिवार्य अछि। शेष प्रश्नमेसँ कोनो **तीन** प्रश्नक उत्तर लिखू, जाहिमे प्रत्येक खण्ड (Section) सँ कम-सँ-कम **एक** प्रश्नक चयन आवश्यक अछि।*

प्रश्न/खण्डक निर्धारित अंक ओकरा समक्ष निर्दिष्ट कयल गेल अछि।

*उत्तर **मैथिली** (देवनागरी लिपि) मे लिखब अनिवार्य अछि।*

जतय निर्दिष्ट हो, शब्द-सीमाक अनुपालन अपेक्षित अछि।

उत्तरित प्रश्नक गणना क्रमानुसार कयल जायत। यदि काटल नहि गेल हो, तँ अंशतः लिखित उत्तरोकेँ गणना कयल जायत। प्रश्न-सह-उत्तर पुस्तिकाक कोनो रिक्त पृष्ठ अथवा कोनो पृष्ठक रिक्त भागकेँ अवश्य काटि दी।

Question Paper Specific Instructions

Please read each of the following instructions carefully before attempting questions :

*There are **EIGHT** questions divided in **TWO SECTIONS.***

*Candidate has to attempt **FIVE** questions in all.*

*Questions no. **1** and **5** are compulsory and out of the remaining, any **THREE** are to be attempted choosing at least **ONE** question from each Section.*

The number of marks carried by a question /part is indicated against it.

*Answers must be written in **MAITHILI** (Devanagari script).*

Word limit in questions, wherever specified, should be adhered to.

Attempts of questions shall be counted in sequential order. Unless struck off, attempt of a question shall be counted even if attempted partly. Any page or portion of the page left blank in the Question-cum-Answer Booklet must be clearly struck off.

SECTION A

Q1. **निम्नलिखित विषयपर टिप्पणी लिखू (लगभग 150 शब्दमे) :** *10×5=50*

(a) मैथिली आओर बंगलाक पारस्परिक सम्बन्ध *10*

(b) प्राकृतक भेद ओ अपभ्रंशक वैशिष्ट्य *10*

(c) दीनबन्धु झाक व्याकरणक उपादेयता *10*

(d) मैथिली भाषाक विविध रूप *10*

(e) भारोपीय भाषा परिवारक महत्त्व *10*

Q2. (a) तिरहुता लिपिक विकासक्रमक ऐतिहासिक विवरण आओर साहित्यिक महत्त्वकेँ सविस्तार प्रतिपादित करू। *20*

(b) मैथिली सर्वनामक व्यापकता आओर वैशिष्ट्यक उल्लेख करू। *15*

(c) भारोपीय भाषा-परिवारक विश्लेषण करैत एहिमे मैथिलीक स्थान निरूपित करू। *15*

Q3. (a) आधुनिक भारतीय भाषा समूहमे मैथिलीक स्थान निरूपित करू। *20*

(b) मैथिली भाषाक विकासमे अवहट्ठक महत्त्वक मूल्यांकन करू। *15*

(c) भाषाक परिभाषा दैत बोलीसँ ओकर पार्थक्य देखाउ। *15*

Q4. (a) 'संस्कृतसँ मैथिली प्रभावित अछि' – सयुक्ति प्रतिपादन करू। *20*

(b) मैथिली आओर असमिआ भाषाक सम्बन्धपर तथ्यात्मक विवरण दिअ। *15*

(c) 'मैथिलीक उपभाषा' सभक विस्तृत विवरण प्रस्तुत करू। *15*

SECTION B

Q5. **निम्नलिखित विषयपर टिप्पणी लिखू (लगभग 150 शब्दमे) :** *10×5=50*

(a) चर्यापद *10*

(b) प्रभासकुमार चौधरीक कथाशिल्प *10*

(c) मैथिली निबंधक विषयगत वैविध्य *10*

(d) अनुवादक क्षेत्रमे चन्दा झाक योगदान *10*

(e) मैथिली साहित्यक धार्मिक पृष्ठभूमि *10*

Q6. (a) सिद्धसाहित्यक ऐतिहासिक पृष्ठभूमिपर सविस्तार विचार करू। *20*

(b) मैथिली साहित्यक काल-विभाजनक प्रसंग इतिहासकार-विद्वानलोकनिक मतक समीक्षा करू। *15*

(c) मैथिली पत्र-पत्रिकाक वर्तमान स्थिति ओ भविष्यपर अपन अभिमतसँ अवगत कराउ। *15*

Q7. (a) विद्यापतिक व्यापक लोकप्रियताक कारणपर विस्तारपूर्वक विचार करू। *20*

(b) नेपालमे लिखल गेल मैथिली नाटकक विकासक रूपरेखा प्रस्तुत करू। *15*

(c) मैथिली लोकसाहित्यक समृद्धि प्रतिपादित करू। *15*

Q8. (a) मैथिली उपन्यासक विकासक्रम विस्तारसँ प्रतिपादित करू। *20*

(b) मैथिली पत्रकारिताक विकासमे उल्लेखनीय योगदानकर्त्ताकेँ रेखांकित करू। *15*

(c) आधुनिक मैथिली काव्यधाराक प्रमुख प्रवृत्तिसँ परिचय कराउ। *15*